

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou klas Jandendar




Chif ki Soti nan Zewo rive nan 15 ak Meziman



Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon inite etid nan matematik ki rele chif ki soti nan zewo riv



Meziman. Inite etid sa konsantre sou konte, ekri chif nimerik, adisyon, mezi sou longe, epi konpare pwa de (2) objè. Objektif enstriktif espesifik ke elèv ou pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp ki montre travay elèv sou konpreyansyon chak objektif enstriktif.

Objektif Enstriktif: Mezire longè ak mas objè epi konpare pwa de (2) objè epi dekri diferans la.	
Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Konbyen kib anlongè makè a ye?	<p>The marker is 7 cubes long.</p>  <p>"Mwen te alinye makè a ak kib. Lè mwen te konte kib yo soti nan yon pwent makè a rive nan lòt pwent makè a, mwen te konte 7 kib."</p>
Konpare mas plim zwazo a ak mas kle a. Kiyès nan objè yo ki pi lou?	<p>"Mwen te mete kle a ak plim zwazo a sou diferan kote nan plato balans lan. Kote kle a te ye a desann plis pase kote plim zwazo a ye a. Kle a pi lou pase plim zwazo a."</p> 
Objektif Enstriktif: Li epi ekri chif nimerik soti nan zewo rive nan 15 epi reprezante jiska 15 objè avèk yon chif nimerik ekri.	
Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Emery genyen 15 etikèt kè kontan. Trase konbyen etikèt kè konta Emery genyen.	 <p>"Mwen te trase 15 etikèt kè kontan. Mwen te ekri chif anba etikèt yo pou ede m konte."</p>

Objektif Enstriktif: Konte soti nan zewo rive nan 40 pa en.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
Kòmanse nan 0 epi konte rive jiska 40.	"0, 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 32, 33, 34, 35, 36, 37, 38, 39, 40."

Objektif Enstriktif: Itilize manipilasyon pou konbine epi separe chif.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Itilize fragman wouj ak jòn yo pou montre 5 nan diferan fason.</p>	 

Panse Matematik ak Praktik sou Objektif Enstriktif: Mwen kapab chwazi zouti epi itilize yo pou ede m rezoud pwoblèm.



Bagay ou kapab itilize lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

Mete Youn Anplis, Wete Youn Nan Yo:

- Poze elèv ou kesyon sou mete youn anplis epi wete youn nan yo. Fè elèv ou konte yon gwoup objè. Aprè pitit ou fin konte objè yo, mande l, "E si m te ba w yon lòt? Ebyen konbyen w tava genyen?" oswa "Si m te wete youn? Ebyen konbyen w tava genyen?" Answit, adisyone (oswa wete) objè a. Nan ka sa a, elèv ou kapab rekonte gwoup la soti nan en pou chèche oswa pou verifye repons la.



Mezire Toutotou nou:

- Elèv ou kapab pran plezi nan envestige longè objè lakay. Bay elèv ou plizyè objè ki genyen menm dimansyon tankou agraf papye, bwa piwouli, elatriye, ke yo kapab itilize pou mezire longè objè tankou bwat sereyal, soulye, fouchèt, elatriye.